

A kisa ti bwat sa sèvi...?

Se yon sismomèt ! Li anrejistre trablemann tè e sa va pemèt yon pi bon konpreyasyon ris sismik la. Enstalasyon sismomèt sila a se pou yon pwojè lasiens sitwayèn.



Sa sismomèt la fè:

- Li anrejistre vibrasyon anba tè lè yon tranblemann tè fèt nan rejyon an. Sismomèt sa a ka anrejistre ti sekous anba tè menm lè latè a pa tranble
- Li distribye enfòmasyon sila a sou entènèt pou sismològ yo analize li
- Li kontribye nan detèminasyon karakteristik tranblemann tè an Ayiti e nan rejyon an, sitou pou lokalizasyon yo, manitid yo ak pwofondè yo
- Li fè pati yon rezo rejyonal : plis ap gen sismomèt an Ayiti, plis n ap ka konnen lè yon tranblemann tè fèt !

Sa sismomèt la pa ka fè :

- Li pa ka prevni tranblemann tè. Jodi a, lasiens pa ko jwenn yon fason pou konnen lè yon tranblemann tè pral rive.
- Li pa fè bwi anvan tè a tranble. Se yon aparey ki trè kalm ! Yon alèt anvan sekous difisil pou mete an plas
- Li pa ka pwoteje moun lè gen tranblemann tè. Si latè a tranble, fok ou respekte règ sekirite yo, e, pi bon toujou, fok ou aplike mezi prevansyon !



Pou plis enfòmasyon sou pwojè Osmose la e sou konsèy sekirite yo, flashe isit

